## План 8 кл.

**Тема**:***Г1адатаб предложение такрар гьаби***

**Д/мурад** 1.Г1адатал предложениязул тайпаби рат1а гьаризе ругьун гьари.

2. К5

+алам цебет1езаби.

**Д/ алат**: проектор, карточки, тестал.

**Дарсил ин**

**|.Дарсиде х1адурлъи.**

Рорч1ами ц1алдохъаби т1аде рач1арал гьалбал.

Гьал раг1абиги данд ран гьалбадерие т1огьол квац1и бак1аре.

Лъик1 щварал хириял гьалбал!

**||.Дарс гьикъи**

**1Гьалсуалазе жаваб кье.**

1.Бицунеб жоялъул мурадалде балагьун г1адатал предложениял кинал рук1унел?

2.Р1абазул дандрай абула цогояб, амма бут1абазде биххизе бегьулеб бичч1и, ялъуни маг1на жинца кьолеб к1иго , я ц1ик1к1ун раг1ул цолъиялда.

3.Подлежащее ккола предложениялда жаниб жинца иш гьабулеб,ялъуни жиндир х1акъалъулъ бицунеб бет1ераб членалда.

4.Жинца предмет маг1наги кьолеб, аслияб гуреб падежалъул суалазе жаваблъунги бач1унеб,маг1наялъул рахъалъ жиб сказуемоялдаги бухьараб предложениялъул бет1ераб гуреб членалда хъвалсараб дополнение абула.

5.Цо кинаб бугониги предметалъул ялъуни лъугьа-бахъиналъул ц1ар аби гурони, гьелъул х1акъалъулъ щибго бицен гьабуляреб предложениялда ц1арлъовул предложение абула.

6. Т1убач1еб предложение абула цо бугониги,цо чанго бугониги член рехсеч1ого гьоркьоб биччараб,амма гьоркьор риччарал членал жиндасанго рич1ч1изе к1олеб предложениялда.

***Тестал***

1.Фразеология сунда абулеб?

2.Пунктуация сунда абулеб?

3.Фонетика сунда абулеб?

**|||. Ругьун гьариялъул х1алт1аби**

1. **Хадур кьурал раг1абаздаса предложение г1уц1е. Гьеб цин хабарияб,хадуб суалияблъун ва т1алабияблъун ккезабун хъвай.**

Т1егьалел,пихъил,руго,гъут1би цудунго.

***2. Кьуралсуалаздарекъонгьалпредложениял т1ирит1изе гьаре.***

Х1еренай жакъа

/Кинай/ к1одоца/кида/ щар ч1вана.

Тирияйщуго

/Кинай/ дояркаялъ /чан/ г1ака беч1ч1ана.

Нижер х1анч1ил

/Лъил/ ахикь /сундул/ бусенбуго.

Кутакабтокил

/Кинаб/ гьороца /сундул/ х1уби бегизабуна.

Жакъа к1удияб

/Кида/ Г1алица /кинаб/ борохь ч1вана.

Риидалшагьаралда

Сулада /кида\ /киб/ варанибихьана.

**Х1ай**

***Раг1абазул дандраял г1уц1е.***

Чу, баг1араб, хъах1аб, г1едерав, кумек, ине, к1алъазе, берцинаб, Гурде, росу.

## Гьаб предложение раг1абазул дандраязде биххун хъвай.

Кьурулъа гъоркье унеб бук1араб машина шоферас х1алица ч1езабуна нухлул раг1алда.
Нухлул раг1алда,кьурулъа гъоркье. Х1алица ч1езабуна,унеб бук1араб.

**|V.Рефлексия.**
Беразе х1алхьи гьабе.

**1.Щибаб раг1иги синонимаздалъун хисун, предложение хъвай.**

Гъоркьиса вехьасухъа т1урараб чахъу исана г1ияхъабазда чияхъ батана
Араб соналъ г1ияхъанасухъа лъутараб кьег1ер гьаб соналъ вехьасда
***2.Гьаб текст ц1але. Маг1наялде к1вар кье. Васасул ишалъе къимат кье.***

**Адаб**

Цо гьит1инав вас эменгун шагьаралде унев вук1анила.Автобусалда васасе г1одов ч1езе бак1 бук1инч1о.Инсуца вас жиндирго накалда г1одов ч1езавуна. Цо херай г1адан автобусалде яхана. Вас инсул накалдаса гъоркье рещт1ана. «К1одо, мун гьаний г1одой ч1а»,- ян инсул накалда квер к1ут1ана гьес.

**Ункъабилеб предложениялъул синтаксисияб разбор гьабе.Бит1араб калам хъвалсаралдалъун хисе.**

***2.Гьаб сураталдеги ралагьун лъаг1алил заманаби рице.***

***Гьелги подлежащеяллъун ккезарун предложениял ургъе.***

Исана хасел квачараб буго.

Ихалъ ихдалил г1амал гьабураб лъик1.
Рии бищун берцинаб лъаг1алил заман буго.
Нижер хасалихълъи бач1ин бак1арула ана.

***Гьезул х1акъалъулъ кицаби рице.***

Рии нахулаб бач1аги, хасел бечедаб бач1аги.
Риидал х1алт1рарв кьиндал кванала.
Хасел хина ббугони,их квачараб бач1унеб.
Хасало мег1ер те, риидал г1ор те.
Хасалихъе бечедав ихдал мискинлъулев.
Ихдал хурибе бач1они, хасалихъе цогъронибе балареб.
Ихдалил лъалъ карае.Хасалил лъалъ кьолбое.

**Т1ехьгун х1алт1и.**

**Х1алт1аби гьаризе.**

**2. Литератураялъулгунб ухьен.**

***Подлежащеял рате гьал предложениязулъ.***

Цо къоялъ ясалът 1арикъатчиясухъе какичуризе гулгун кьолеб бук1анила. (кинаб асаралдаса кколеб? Подлежащее кинаб падежал дабугеб?)
Гьеб заманалда сверудасан Надирил бодулазул цо къокъа баккана. (Кинаб асаралдаса? Автор щив?Чанабилеб классалда бугеб? Кинаб подежалда бугеб?)

**3.Творческияб х1алт1и**

**Скороговорки**

**Шарадаби.**

**«Ц1»** х1арпалъ байбихьани,
«Квачараб» дир синоним.
Гьебхисун**,»Гь»**лъунани,
«Унтараб» дир синоним. (Ц1ророраб-гьорораб)

**«Къ»** цебе г1уц1нани,
«Г1ат1идаб» дир антоним.
**«КЪ»**хисун**, «Гъ»** т1амуни,
«Т1адгояб» дир антоним.(Кьваридаб_гъваридаб)

**«ХЪ»-**ялдабай бихьани,
«Бац1» бугодир синоним;
**«Хъ»**хисун, **«Ц!»** х1арп лъуни,
Дарсиде ах1улеб жо.(хъумур-ц1умур)

Аслияб. Актив, кьовул,жинда падежазда ЧАНАХЪАН абураб предметияб ц1ар подлежащеелъунги ккезабун предложениял г1уц1е.
Чанахъан рохьове ана.
Чанахъанас рохьоб бац1 ч1вана.
Чанахъанасе бокьана рохьоб сордо базе.
Чанахъанасда цидул т1анч1и ратана.

**Калам цебет1езаби.**
***Раг1икъот1 ц1езабе.***
***Гьал суалазежаваба ллъани,предложениялъул бет1ераб член бач1уна***

1.Анкьго т1ала гьабун ,т1ингъал рет1араб жо.пер
2.Бахчаялда бижулеб овощ охцер

3.гьабсаг1ат нилъ г1одор ч1ун ругеб жо. дарс
4.Къват1ир гъалалги гьурщунжаний ч1арай меседо.ламадур
5.Т1анса бессулей ч1ужу. ессарухъан
6.Пихъ.
7.Куракул тайпа. ахбазан
8.Цебе щаг1ил г1ерт1иниб ч1валеб бук1араб жо. щар
9.Хъандироги босун ецарула …… ецарухъан
10.Бат1и-бат1иял релъенал х1алт1изарулей ч1ужу. елъарухъан